

# Enfòmasyon pou Vizitè

## Lè Fonksyonman Mize

Lendi	10 a.m.–5 p.m.
Madi	Fèmen*
Mèkredi	10 a.m.–5 p.m.
Jedi	10 a.m.–8 p.m.
Vandredi	10 a.m.–5 p.m.
Samdi ak Dimanch	10 a.m.–5 p.m.

- Diskont sou admisyon apre 3 p.m. pandan la semèn.
- \*Ant Memorial Day ak Labor Day, Mize an ouvè nan jou Madi yo 10 a.m.–5 p.m.
- Fèmen nan Jou Ferye yo: Jou nouvèl An, Pak, Thanksgiving ak Nwèl.

## Kesyon oswa Kòmantè

Pou kesyon oswa kòmantè sou vizit ou, tanpri voye yon imèl bay [visitorservices@carnegiemuseums.org](mailto:visitorservices@carnegiemuseums.org) oswa rele 412.622.3131.

## Carnegie Museum of Art

Instagram: [@carnegiemuseumofart](https://www.instagram.com/carnegiemuseumofart)  
Twitter: [@cmoa](https://twitter.com/cmoa)  
Facebook, YouTube, LinkedIn: Carnegie Museum of Art

## Carnegie Museum of Natural History

Facebook, YouTube, Instagram, TikTok: [@carnegiemnh](https://www.instagram.com/carnegiemnh)

## Fossil Fuels Café

Ou grangou men ou vle wè plis mize? Fè yon arè nan Fossil Fuels pou prepare pwòp sandwich oswa salad ou epi rekipere manje w.  
Ouvè 10 a.m.–4 p.m.

## Fèmti Galri

Mize nou yo toujou ap evolye! Espas yo fèmen okazyonèlman pou evènman espesyal oswa pou amelyore galri yo. Tanpri mande nan biwo admisyon yo siw gen kesyon.

## Politik Sante ak Sekirite

Sa ki swiv yo la pa otorize

- Fimen, mastikasyon, oswa itilizasyon aparèy vapotaj anndan mize a oswa nan yon distans mwens ke 20 pye de antre a.
- Vini ak yon zam blanch, zam tire oswa materyèl danjere nan espas mize a.
- Konpòtman brital, agresif, oswa abizif.

## Gid pou Vizitè

Se nou tout ki pou pran swen zèv atizay ak koleksyon ki afiche yo. **Tanpri pa:**

- Manje ak bwè nan galri yo.
- Manyen zèv atizay oswa koleksyon yo.
- Kite timoun ki gen mwens ke 12 lane yo san akonpayman ak yon adilt.
- Kouri, pouse, oswa bouskile.
- Pote tinoun sou zepòl ou.
- Pote yon parapli nan galri yo. Sal ak vestyè pou depoze chanday disponib.
- Pote valiz sou do oswa pòt bebe ki sanble valiz sou do nan galri yo. Ou gendwa pou pote yon valiz do devan w oswa sou kote w.

## Aksesibilite

Mize yo ap travay pou rann pwogram yo ak ekzibisyon yo aksesib pou tout vizitè yo. Si w kesyon konsènan nenpòt rekòmandasyon, tanpri mande nan biwo admisyon yo.

## Pousèt ak Chèz woulant

- Nou founi chèz woulant ak pousèt, oswa ou kapab vini ak youn.
- Pousèt ak chèz woulant yo ka gen aksè limite nan kèk galri.

## Foto

- Foto otorize sèlman pou rezon pèsònèl, ki pa komèsyal.
- Flach, tripod, valiz kamera ak baton ekstansyon kamera pa otorize.
- Kenbe yon distans omwen de (2) pye de zèv atizay yo.
- Videyo pa otorize nan Carnegie Museum of Art galleries.

Carnegie Museums  
of Art and Natural History

Sponsored by

